

# Iretrit

Iretrit refere a enflamasyon (iritasyon) pawa irèt la (tib ki transpòte pipi soti nan kò a). Iretrit ka yon siy yon enfeksyon moun pran nan fè bagay (sexually transmitted infection, STI). Enfeksyon nan irèt lan gen ladan klamidya ak gonore.

## Sentòm yo

Kèk moun ki gen iretrit pa gen okenn sentòm. Si sentòm vin devlope, yo ka gen ladan yo:

- Sansasyon brile oswa doulè lè w pipi
- Ekoulman blan oswa klè nan peni an
- Doulè ak anfleman nan skrotòm lan (boul grenn yo)



# Iretrit



## Prevansyon

Kapòt ka anpeche pwopagasyon STI yo ke yo konnen koze iretrit, tankou klamidya ak gonore.

## Tès

Pwofesyonèl swen sante ou ka fè dyagnostik iretrit lè l sèvi avèk yon echantyon pipi oswa yon prelèman likid ki soti nan pwent penis lan.

## Tretman

Pwofesyonèl swen sante ou ka preskri ou antibyotik pou trete STI ki lakòz iretrit lan.

## Poukisa Pou w Jwenn Tretman

Si li pa trete, iretrit ki koze pa yon STI ka lakòz gwo doulè, esterilite (enkapasite pou fè timoun), ak testikil ki fè mal oswa anfle. Lè w gen iretrit, li plis fasil pou pran oswa transmèt VIH.

## Patnè Seksyèl yo

Si iretrit ou te koze pa yon STI, patnè seksyèl ou yo dwe trete tou pou yo pa devlope pwoblèm sante grav, re-enfekte w oswa pase enfeksyon an bay lòt moun. Ou ta dwe di tout patnè seksyèl ou te genyen pandan de (2) dènye mwa yo sou enfeksyon ou a pou yo kapab egzamine epi trete.

Klinik Sante Seksyèl Vil New York yo bay sèvis konfidansyèl, ki pa koute chè oswa gratis ki gen ladan tès STI ak VIH.

Pou jwenn yon klinik, vizite [nyc.gov/health/clinics](https://nyc.gov/health/clinics).